**दिन– शुक्रवार** **दिनांक–13.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ भोर गुजरातक अहमदाबाद सिविल अस्पताल गेलाह आ एयर इंडिया विमान दुर्घटनाक घायल सभ सँ भेंट कयलाह। श्री मोदी दुर्घटना मे बाँचल एक मात्र यात्री भारतीय मूलक ब्रिटिश नागरिक विश्वास कुमार रमेश सँ सेहो भेंट कयलनि। विश्वास दुर्घटना सँ जुड़ल अनुभव प्रधानमंत्रीक संग साझा कयलनि। श्री मोदी दुर्घटना स्थलक सेहो दौरा कयलनि आ ओतऽ बचाव कार्य मे लागल अधिकारी लोकनि आ आन लोक सभ सँ भेंट कऽ स्थितिक जायजा लेलनि। बाद मे प्रधानमंत्री अहमदाबाद मे अधिकारी सभक संग समीक्षा बैसक कयलनि। ओ हादसा मे मारल गेलाह गुजरातक पूर्व मुख्यमंत्री विजय रूपाणी के परिजन सभ सेहो भेंट कयलनि। हमर संवाददाता खबरि देलनि जे दुर्घटना मे मारल गेल लोक सभक शव पोस्टमॉर्टम के बाद हुनक परिजन सभ के सौंपल जा रहल अछि। चालक दल सहित दु सय बियालीस लोक सभ के लऽकऽ लंदन जा रहल एयर इंडियाक विमान बोईंग सात सय सत्तासी–आठ काल्हि अहमदाबाद हवाई अड्डा सँ उड़ान भरलाक शीघ्रहि पश्चात दुर्घटनाग्रस्त भऽ गेल छल।

---

अहमदाबाद विमान दुर्घटना मे पटनाक मनीषा थापा कैँ मृत्यु भऽ गेल। ओ एयर इंडिया मे एयर होस्टेस छलीह। मूल रूप सँ नेपालक विराटनगरक रहयवाली मनीषा थापाक जन्म पटना मे भेल छल आ हुनक पूरा परिवार पटना मे रहैत अछि। हुनक पिता बिहार पुलिस मे छथि। मनीषा के परिवार अहमदाबादक लेल विदा भऽ गेल अछि।

---

अहमदाबाद हवाई दुर्घटनाक बाद राज्य सरकार लोक सभक सुविधाक लेल हेल्पलाइन नंबर जारी कयलक अछि। आपदा प्रबंधन विभाग कहलक जे लोक एहि हेल्पलाइन नंबर पर राज्यक कोनो व्यक्तिक एहि दुर्घटना सँ प्रभावित होयबाक जनतब साझा कऽ सकैत छथि। हेल्पलाइन नंबर– शून्य छओ एक दू दू दू नओ चारि दू शून्य चारि आ शून्य छओ एक दू दू

दू नओ चारि दू शून्य पाँच अछि। एकर अतिरिक्त विभागक टोल फ्री नंबर एक शून्य सात शून्य पर सेहो सूचना देल जा सकैत अछि।

---

निर्वाचन आयोग बिहार विधानसभा चुनाव मे मतदान प्रतिशत बढेबाक लेल मिशन–सिक्सटी नाम सँ एक विशेष अभियान प्रारंभ करत। एहि अभियानक अंतर्गत प्रत्येक विधानसभा क्षेत्र मे सभ सँ कम मतदान वला साठि बूथ सभक पहचान कयल जायत। एहि केन्द्र सभ पर विशेष प्रयासक माध्यमे मतदान प्रतिशत के छियासठि प्रतिशत धरि पहुंचेबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। ध्यातव्य अछि जे पछिला किछु चुनाव मे राज्य मे मतदान प्रतिशत राष्ट्रीय औसत सँ लगभग दस प्रतिशत कम रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित कार्यक्रम सँ सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजना आ मुख्यमंत्री कन्या उत्थान योजनाक लाभार्थी सभक बैंक खाता मे डीबीटीक माध्यमे दू सय एकहत्तरि करोड़ पन्द्रह लाख टाका अंतरित कयलनि। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आ समाज कल्याण मंत्री मदन सहनी सेहो उपस्थित छलाह।

---

विकसित कृषि संकल्प अभियानक अंतर्गत सस्तीपुरक पूसा स्थित डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद कृषि विश्वविद्यालयक दिस सँ राज्यक तेरह जिला मे कार्यक्रम आयोजित कऽ दू लाख किसानक संग संवाद कयल गेल। कुलपति डॉक्टर पीएस पांडेय संवाददाता सम्मेलन मे ई जनतब देलनि।

---

मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला पाँच दिनक दरमियान प्रदेशक किछु भाग मे दक्षिण–पश्चिम मॉनसून के आगां बढबाक लेल अनुकूल परिस्थिति बनल अछि। विभाग जनौलक जे अगिला दू दिनक दरमियान मॉनसून विदर्भ, छत्तीसगढ़ आ ओडिशाक किछु भाग

आ ओहि के तीन दिनक दरमियान पश्चिम बंगाल, झारखंड आ बिहार मे दस्तक दऽ सकैत अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार कतेको स्थानक अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस सँ ऊपर रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे काल्हि अररिया, किशनगंज आ कटिहार के छोड़ि कऽ राज्यक सभ जिला मे गर्म आ आर्द्र दिवस कँ स्थिति बनल रहत।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक रोसड़ा थाना क्षेत्र मे एक तेज गतिक चारि पहिया वाहनक चपेट मे अयबा सँ मोटरसाइकिल सवार तीन युवक के मृत्यु भऽ गेल। सभ मृतक बेगूसराय जिलाक रहयवला छलाह।

———————————————————————————

मुंगेर जिला असरगंज थाना क्षेत्र सँ पुलिस दू अपराधी के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।